

Deklarasyon Majistra Joe Curtatone, Prezidan Konsèy Vil la Matt McLaughlin, Prezidan Komite Lekòl Andre Green, ak Direktè Jeneral Mary Skipper

6 janvyè 2021

Tankou tout lòt moun, nou ap gade evènman yo ki ap dewoulman nan *Capitol Hill* nan Washington, DC. Si nou di ke li dekourajan nou poko di nou sa nou vrèman santi. Se yon atak sou kwayans nou ak valè nou yo antan ke yon nasyon. Pandan ke chapit saa nan istwa nasyonal nou an ap fèt avèk wonte, nou rekonesan pou fòs sivik kominote nou an epi nou vle asire rezidan nou yo, travayè yo, fanmi yo, ak elèv yo, ke nou ret vijilan nan nivo lokal nou pou asire nou ke pèsòn isit la pral imite vyolans nou wè nan kapital nou an. Nou angaje nou nan sekirite rezidan nou yo.

Kè nou avèk tout moun ki nan Washington aswè a. Nou swete, manm tou de pati yo reyini ansanm pou kondane atak saa sou repiblik nou an e otorite yo ka byen vit retabli lòd. Antretan, angajman lokal nou yo pou yon gouvènman dirije pa sitwayen nan lapè rete djanm. Rasin tradisyon demokratik nou yo fon, e yo pi fò pase tantativ saa pou debraye yo.

Nan rekonesans de estrès emosyonèl ak kesyon evènman sa yo ka pwodwi pou elèv nou yo, nou vle paran nou yo ak gadyen yo konnen ke pandan nou voye lèt saa, lidèchip lekòl nou yo ap prepare byen pou sipòte elèv yo ak anplwaye nou yo nan pale e konprann evènman sa yo nan jou ki ap vini yo. Nou ankouraje nou pou kontakte direktè lekòl nou a si nou santi ke pitit nou bezwen plis sipò.